Basa Musi

Basa Musi atawa basa Sekayu dituturaké déning wong kang manggon ing laladan Musi Banyuasin, Sumatra Kidul. Basa iki kalebu kulawarga basa Malayik[1][2]. Miturut narasumber, aran liyan basa iki ya iku basa Sekayu, sing ngemu teges ya iku Sri Ayu, dhèwèké raja ing laladan Musi Banyuasin ing jaman mbiyén. Lan aran Musi iki dijupuk saka kali kang mili ing Musi Banyuasin. Miturut cacahé naraguna, istilah Sekayu luwih sethithik tinimbang Musi, uga Musi lewih jembar daérahé, amarga iku luwih becik nganggo aran Musi baé. Wewengkon naraguna basa Musi amba temen ya iku ing Kabupatén Musi Banyuasin lan Musi Rawas. Induk basa Musi ana ing Musi Banyuasin kang ibu kuthané ing Sekayu. Cacah panyatur basa Musi akéhé 361.798 wong.

Basa Musi	
Asal	Indonésia
Laladan	Udik kali Musi nganti bukit Barisan, Musi Banyuasin, Musi Rawas, Sumatra Kidul
Panyatur asli	3,105,000 (taun 2000) (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Melayu-Polinésia ▪ Melayu-Sumbawa ▪ Melayik ▪ Melayu ▪ **Basa Musi**
Kodhe basa	
ISO 639-1	-
ISO 639-2	-
ISO 639-3	mui

Conto basa

Koyongnyé la pegi ka Palémbang, “Kakangé wis lunga ing Palémbang”.

Dié ngabarke base daq saket, “Dhéwéké ngandhani dhèwèké lagi lara”.

Ughang nyang dem datang itu mamaqku, “Wong kang teka iku pak likku”.

Ali bajalan gancang, “Ali mlaku banter”[3].

Rujukan

1. Gani, Zainal Abidin (1981). *Struktur Bahasa Musi*. Jakarta: Pusat Pembinaan Dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan.
2. "Musi" (https://www.ethnologue.com/language/mui/20). *Ethnologue*.
3. Arif, R.M. dkk (1985). *Morfologi dan Sintaksis Bahasa Musi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Musi&oldid=1516169"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 08.04, 20 Mèi 2020.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.